



REPOS PATWON POU PLENT POU DISKRIMINASYON/REVANCH KI GEN RAPÒ AK KONJE PEYE POU FANMI

Paid Family Leave • PO Box 9030, Endicott, NY 13761-9030

Lè yon anplwaye di yo vyole atik 203-b oswa atik 120 sou Lwa sou Konpansasyon Travayè a (gade do a pou lwa ki an aplikasyon an), y ap pwograme yon seyans odyans preliminè devan yon jij lwa sou Konpansasyon Travayè nan tribinal ki pi pre kote anplwaye a rete a. Lè sa a, tout pati yo ap gen opòtinite pou yo tande yo. W ap resevwa yon avi k ap di w ki dat, ki kote ak ki lè odyans lan ap fèt.

NAN YON DELÈ 30 JOU APRE OU RESEVWA YON AVI KONSÈNAN PLENT POU DISKRIMINASYON/REVANCH KI GEN RAPÒ AK KONJE PEYE POU FANMI (Fòm PFL-DC-129) NAN MEN KOMISYON AN OU DWE SOUMÈT FÒM SA A OSWA W AP GEN RISK POU PÈDI DEFANS OU YO. VOYE FÒM SA A NAN PAID FAMILY LEAVE, PO BOX 9030, ENDICOTT, NY 13761-9030.

SE PATWON AN SÈLMAN KI RESPONSAB TOUT AMAND AK FRÈ KOMISYON AN DESIDE

Daprè atik 111 lwa sou Konpansasyon Travayè a (li ekri nan do a), bay tout enfòmasyon yo mande w yo epi siyen deklarasyon an.

Enfòmasyon sou Anplwaye a (W ap jwenn enfòmasyon sa a nan *Avi Konsènan Plent pou Diskriminasyon Revanch ki gen Rapò ak Konje Peye pou Fanmi, Fòm PFL-DC-129, Worker's Compensation Board te voye ba ou.*)

Non patwon an: _____ Nimewo dosye PFL la: _____

Enfòmasyon sou patwon an

Non konplè kòrèk legal: _____

Adrès: _____

Nimewo Telefòn: _____ Nimewo Idantifikasyon Federal (FEIN): _____

Èske biznis sa a se pou yon grenn pwopriyete, yon patenarya oswa yon sosyete (tcheke youn):

- Yon grenn pwopriyete (Ekri non ak adrès pwopriyete a pi ba a)
- Patenarya (Ekri non ak adrès chak patnè pi ba a)
- Sosyete (Ekri non, tit ak adrès prezidan an ak/oswa lòt responsab nan asosye a ki ta dwe resevwa avi konsènan afè sa a.

Non (SIYATI, PRENON, INISYAL DEZYÈM PRENON): _____

Tit (si sa apwopriye): _____

Adrès: _____

Non (SIYATI, PRENON, INISYAL DEZYÈM PRENON): _____

Tit (si sa apwopriye): _____

Adrès: _____

Non (SIYATI, PRENON, INISYAL DEZYÈM PRENON): _____

Tit (si sa apwopriye): _____

Adrès: _____

Non (SIYATI, PRENON, INISYAL DEZYÈM PRENON): _____

Tit (si sa apwopriye): _____

Adrès: _____



Tcheke rezon ki apwopriye pou defans ou pi ba a. Ou ka mete lòt dokiman ansanm ak fòm sa a pou kore defans ou.

- Mezi ki dekri nan plent anplwaye pou diskriminasyon/revanch lan/yo te pran pou rezon komèsyal valab. Men rezon an/yo:

- Yo elimine peryòd travay anplwaye a te okipe a avan anplwaye a te mande oswa pran konje peye pou fanmi an.
- Lè sipleman anplwaye a te travay avan li mande oswa pran konje peye pou fanmi yo pa disponib ankò.
- Anplwaye a pa janm mande oswa pran konje peye pou fanmi.
- Biznis sa a pa t anplwaye moun ki pote plent lan/anplwaye a.
- Lòt (TANPRI EKSPLIKE):

Mwen sètifye sou pèn sanksyon pou manti enfòmasyon mwen bay la yo vrè tank mwen konnen.

Siyati patwon an	Dat
Erki non an an lèt detache	

LWA SOU KONPANSASYON TRAVAYÈ

Atik 120. Diskriminasyon kont anplwaye. Li ap ilegal pou yon patwon oswa ajan li mandate kòrèkteman revoke oswa refize reyentegre yon anplwaye selon atik desan twa-b (203-b) seksyon sa a, oswa fè diskriminasyon kont yon anplwaye oswa kont djòb li kèlkeswa lòt fason an poutèt anplwaye sa a reklame oswa tante reklame konpansasyon nan menm li, oswa poutèt anplwaye a te reklame oswa tante reklame kèlkeswa lòt avantaj seksyon sa a bay oswa poutèt li temwaye oswa l ap temwaye nan yon pwosè selon seksyon sa a alòske patwon an pa montre gen okenn lòt rezon valab ki fè l pran desizyon sa a.

Yo dwe depoze plent pou pratik diskriminatwa ilegal kon sa nan yon dèle dezan apre li fin komèt. Lè komisyon an dekouvri yon patwon vyole atik sa a, li dwe pran yon desizyon pou patwon an rebran anplwaye ki viktim kalite diskriminasyon sa a oswa pou l remete l nan pòs li oswa rebay li privilèj li t ap genyen si se pa t diskriminasyon an epi patwon an dwe konpanse l pou tout konpansasyon li pèdi akòz diskriminasyon sa a ansanm ak frè oswa alokasyon li peye avoka oswa reprezantan lisansye pou sèvis yo ba li selon sa komisyon an fikse. Yon patwon ki vyole atik sa a ap responsab pou l peye yon amand ki pa pi piti pase san (100) dola oswa plis pase senk san (500) dola, selon sa komisyon an fikse. Y ap peye trezò eta a tout amand sa yo. Se patwon an sèlman k ap peye tout amand, konpansasyon ak frè oswa alokasyon. Se sèl patwon an ak/oswa founisè li k ap responsab peye amand ak salè sa yo. Tout pwovizyon nan yon politik asirans k ap tante retire responsablite peye amand ak salè sou patwon an ap nil.

Yon patwon yo jwenn ki ap vyole atik sa a ak anplwaye ki viktim nan dwe fè komisyon an konnen si patwon an konfòme l nan yon dèle trant (30) jou apre yo fin resevwa yon desizyon final. Sizanka patwon an oswa anplwaye a pa ta enfòm komisyon an yon desizyon oswa yon amand komisyon an te enpoze respekte nan yon dèle trant (30) jou apre desizyon an oswa apre avi amand lan fin livre, sof si yo te depoze yon dosye a tan nan komisyon pou mande modifiye, anile oswa revize desizyon an oswa amand lan selon atik venntwa seksyon sa a, prezidan an oswa nenpòt pati ki jwenn konsantman prezidan an ka enpoze desizyon an oswa amand lan kòm si se te yon konpansasyon.

Atik 203-b. Reyentegrasyon apre konje pou fanmi Tout anplwaye kalifye yon patwon asire ki pran konje selon atik sa a ap otorize pou patwon an remete l nan pòs li te okipe lè konje a te kòmanse a, oswa patwon an ap mete l nan yon pòs ki menm ak pòs sa a epi ki ba l menm avantaj, menm salè ak lòt tèm ak kondisyon travay. Pran konje pou fanmi pa dwe lakòz anplwaye pèdi okenn avantaj travay ki te konpile avan dat konje a te kòmanse a. Yo pa dwe entèprete anyen nan atik sa a kòm yon otorizasyon pou rebay yon anplwaye ansyènte oswa avantaj travay li pandan yon peryòd konje, oswa yon dwa, avantaj oswa pòs ki t ap revni anplwaye a si anplwaye a pa t pran konje a.

Atik 241. Aplikasyon lòt pwovizyon seksyon sa a. Tout pouvwa ak responsablite seksyon sa a bay epi enpoze prezidan an ak komisyon an ki nesès pou aplikasyon atik sa a epi ki pa kontradiktwa aplikab pou atik sa a nan sans sa a; epi yo pa dwe entèprete okenn nan lòt pwovizyon sou avantaj nou jwenn nan lòt atik seksyon sa a nan yon fason pou y aplike l nan atik sa a. Pwovizyon atik sanven (120) seksyon sa a ap aplike ak menm nivo efè ak si l te atik sa te di l, sofke amand patwon peye trezò eta a selon atik sa a dwe itilize pou depans ki fèt nan kad aplikasyon atik sa a.

Atik 111. Enfòmasyon patwon an dwe bay. Tout patwon dwe bay prezidan an tout enfòmasyon li mande k ap pèmèt li aplike pwovizyon seksyon sa a. Prezidan an oswa komisyon an ap tande tout patwon, ofisyè, ajan oswa anplwaye sou sèman. Yon patwon oswa yon anplwaye prezidan an bay yon fòm vyè pou l ranpli ap ranpli l kòrèkteman, l ap reponn tout kesyon ki ladan l kòrèkteman. Si l pa kapab, li dwe bay ase rezon valab ki fè li pa kapab. Patwon an oswa anplwaye a ap siyen anba repons kesyon sa yo epi l ap sètifye yo vrè sou pèn pou yo sankyone l pou manti epi l ap retounen fòm nan bay prezidan an nan dèle li te bay pou sa fèt.